

## PIWUCALING IBADAH KORBAN ING WANCI PAGEBLUK COVID-19

*Dening: Mukhlisin Purnomo*

*Penyuluh Agama Islam Fungsional Kec. Bantul*

اللَّهُ أَكْبَرُ × 9 اللَّهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَلَا نَعْبُدُ إِلَّا إِيَّاهُ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ وَلَوْ كَرِهَ الْكَافِرُونَ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ صَدَقَ وَعْدُهُ وَنَصَرَ عَبْدَهُ وَهَزَمَ الْأَحْزَابَ وَحْدَهُ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ وَاللَّهُ الْحَمْدُ. لِحَمْدِ اللَّهِ الَّذِي إِيَّاهُ نَعْبُدُ وَلَهُ نُصَلِّي وَنَسْجُدُ وَإِلَيْهِ نَسْعَى وَنَحْفِدُ، نَرْجُو رَحْمَتَهُ وَنَخْشَى عَذَابَهُ إِنَّ عَذَابَهُ الْجَدِّ بِالْكَفَّارِ مُلْحَقٌ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ وَالَاهُ. أَمَا بَعْدُ، أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمْ وَأَخْشَوْا يَوْمًا لَا يَجْزِي وَالِدٌ عَنْ وَلَدِهِ وَلَا مَوْلُودٌ هُوَ جَارٌ عَنْ وَالِدِهِ شَيْئًا إِنَّ وَعْدَ اللَّهِ حَقٌّ فَلَا تَغْرُبَنَّكُمُ الْحَيَاةُ الدُّنْيَا وَلَا يَغْرُبَنَّكُمُ بِاللَّهِ الْغُرُورُ

*Jemaah shalat Idul Adha ingkang minulya*

Sumangga kula dherekaken sesarengan sesanti ngunjukaken Puji lan Syukur ing ngarsanipun Gusti Allah ingkang Murbengtintah, Pangeran sesembahanipun para manungsa ingkang sampun kersa maringi mapinten-pinten kanikmatan lan kanugrahan dhumateng sedaya kawulani-Pun, sarta ngaturaken katresnan jati shalawat tuwin salam Mugi Allah karsa maringaken dhumateng Junjungan kita Kanjeng Nabi Muhammad SAW.

Salah satunggaling wujud amaliah utama ing wulan Dzul Hijjah inggih punika mrgaat kewan korban. Pangibadahan ingkang kawastanan *udhiyah* dening Syaikh Zainuddin al-Malibariy ing Kitab *Fathul Mu'in* kaanggep satunggaling amaliah ingkang ganjaranipun langkung utama tinimbang dedana infaq senadyan anggenipun sadaqah saukur kaliyan reginipun kewan korban. Babagan ibadah Korban punika kanjeng Nabi Muhammad SAW paring dhawuh:

عَنْ عَائِشَةَ أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ مَا عَمِلَ آدَمِيُّ مِنْ عَمَلٍ يَوْمَ النَّحْرِ أَحَبَّ إِلَيَّ مِنَ إِهْرَاقِ الدَّمِ إِنَّهَا لَتَأْتِي يَوْمَ الْقِيَامَةِ بِقُرُونِهَا وَأَشْعَارِهَا وَأَظْلَافِهَا وَأَنَّ الدَّمَ لَيَقَعُ مِنَ اللَّهِ بِمَكَانٍ قَبْلَ أَنْ يَقَعَ مِنَ الْأَرْضِ فَطَبِّبُوا بِهَا نَفْسًا

*Artosipun : riwayat saka Aisyah sanyata Rasulullah SAW dhawuh : ora ana amal kang ditindakke dening anak turun Adam ing dina riyaya iki kang luwih ditresnani mungguhing Allah tinimbang saka nyembelih kewan, sayekti kewan kurban (tuh) saksungu-sungune, wulu-wulune, lan kukune bakal tumeka ing dina kiyamat. Getih bakal tumeka ing Allah sakdurunge tumetes ing bumi, mula iku pada nglonggarno atimu anggone nglakoni. (HR.Tirmidzi)*

Amila tumrap tiyang kagungan rizki cepak, utawi pengin dipun cekapi dening Allah sumangga kita mragat kewan korban kangge ngetingalaken raos syukur kita dhumateng Pangeran.

إِنَّا أَعْطَيْنَاكَ الْكَوْثَرَ (1) فَصَلِّ لِرَبِّكَ وَأَنْحِرْ (2) إِنَّ شَانِئَكَ هُوَ الْأَبْتَرُ (3)

Artosipun: “ Temen Ingsun wus maringi ing sira Muhammad, nikmat kabecikan kang akeh.mula saka iku nindakna shalat ing Allah Pangeranira, lan nyebeleha Qurban. Sayekti wong kang cures, pedhot saka nikmat kabecikan tur entek turunane. (QS. Al-Kautsar [108]:1-3)

Ing surat al-Kausar kasebat anyuraosaken bilih gusti Allah sampun kathah sanget paring berkah kanikmatan awujud punapa kemawon dhumateng sedaya umat manungsa, pramila samiya menembah ibadah sarta dedhepe ing Allah. Wujuding ibadah ing wulan punika, mligininipun tumrap tiyang ingkang mampu inggih punika Kurban. Rasulullah saw. dhawuh:

مَنْ وَجَدَ سَعَةً وَلَمْ يُضَحِّ فَلَا يَقْرَبَنَّ مُصَلَّانَا

Artosipun : “Sapa wong kang rumangsa kuwasa bisa kurban, nanging wegah nindakake kurban, mula aja cedhak-cedhak panggonanku ngibadah shalat. (HR. Ahmad).

Kasunyatanipun wonten sak perangan masyarakat muslim, mboten kersa ngelampahi dhawuh kasebat, rumaos piyambakipun saweg kecingkrangan, kenging PHK, mboten kagungan pamedal, akibat saking COVID-19. Ngedalaken arta kangge tumbas menda, utawi urunan lembu mboten kiyat, rumaos awrat, ananging wanci kepinging tumbas sepeda ingkang reginipun mayuta-yuta rumaos mirah lan entheng. Ateges piyambakipun tasih kagungan raos eman dhateng bandanipun menawi kaginakaken kagem nyaket dhateng pangeran kamangka Kanjeng Nabi sampun mratelalakaken bilih ibadah kurban menika minangka sabab musababipun kawula ingkang badhe kaparingan kamulyan dunya lan akhiratipun. Dhawuhipun Kanjeng Nabi Muhammad saw. :

أَلَا إِنَّ الْأَضْحِيَّةَ مِنَ الْأَعْمَالِ الْمُنْجِيَةِ تُجْبَىٰ صَاحِبِهَا مِنْ شَرِّ الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ

Artosipun: " Elinga, saktermene mragat hewan korban kuwi setengah sangka akehing amal kang bisa nyelametake wong kang nglakoni sangka alane dunya lan akherat."

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

*Hadirin yang berbahagia*

Riyaya Idul Adha 1441 H tahun punika estu kalebet istimewa, kita sedaya taksih kasuwun tirakat lan prihatos, amargi kawontenan wabah virus corona ingkang dereng surud. Kita kedah tansah waspada lan setya tuhu amituti dhateng kawicaksanan pamarintah lumantar taat lan patuh dhateng protokol kesehatan kangge nyegah sumebaripun wabah punika. Menawi kita nerjang dhateng paugeran kasebat ingkang badhe nemahi kacilakan boten namung kita piyambak ananging damel tuna tiyang sanes. Mugiya kanthi pengetan Idul Adha tahun 1441 H saged dados wiwitaning pangudar kangge ambasmi virus corona. Kita saged mendhet pangaji-aji adiluhung ingkang kamot ing teologi kurban punika kangge ngadhepi laladan enggal punika.

Ibadah korban paring piwucal dhumateng kita supados tansah mituhu lan sabar anggenipun nindakaken dhawuh-dhawuhipun Allah, kados dene nalika Nabi Ibrahim nampu dhawuh supados mragat Ismail Putranipun: Kita saged mendhet ibrah saking ayat punika:

فَلَمَّا بَلَغَ مَعَهُ السَّعْيَ قَالَ يَا بُنَيَّ إِنِّي أَرَىٰ فِي الْمَنَامِ أَنِّي أَذْبَحُكَ فَانظُرْ مَاذَا تَرَىٰ قَالَ يَا أَبَتِ افْعَلْ مَا تُؤْمَرُ سَتَجِدُنِي

إِنْ شَاءَ اللَّهُ مِنَ الصَّابِرِينَ

*Artosipun : barang putrane wus bisa rumagang ing gawe ngrewangi bapakne, bapakne tutur marang Ismail: he Anakku , satemene aku wus ngimpi, ing sajeronne turu yembelih ing sira, sira mikira, kapiye mungug panemunira ? putrane matur : dhuh Rama ! sumangga Panjenengan tindakaken punapa ingkang sampun kadhawuhaken dening Allah, isnya Allah, panjenengan pirsu kula punika golonganipun tiyang sabar. (QS. As-Shaffat: 102)*

Sasampunipun pret,a taat lan tertibipun Nabi Ibrahim dalah putranipun nindakaken saestu dhawuhipun Allah arupi ibadah kurban, Allah lejang nyegah ngurbanaken putra kinasih, dhasar bagusing rupa, aris bebudenipun, kakersakaken dening Allah SWT dipun paringi lintu menda gibas branggah tur ageng. Inggih punika dipun syariataken ibadah kurban wonten ing ibadah haji, dene umat Islam ingkang boten tindak haji sami shalat Idul Adaha lan ibadah kurban ing panggenaipun piyambak-piyambak.

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

*Hadirin yang berbahagia*

Ajinipun Ibadah kurban kangge anyengkuyung sirnaning wabah COVID 19 saking bumi punika saged kapendhet saking kiyatipun tekad Nabi Ibrahim anggenipun nyembelih putra kinasih amargi ngestoaken dhawuhipun Allah. Semanten ugi umat Islam minangka peranganing bangsa Indoenesia ingkang ageng piyambak, tansah nengenaken asikep setiya tuhu marang Allah lan ulil amri utawi pamarintah. Pamarintah kagungan kawicaksanan arupi AKB (adaptasi kebiasaan baru) boten ateges bebas tanpa wates, kawicaksanan kasebat dipun adani kangge mulihaken perekoniman masyarakat kanthi tetep nengenaken kawaspadaan, kita tetep mbasuh asta mawi sabun, ngagem masker, lan nebihi pakempalan-pakempalan.

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

*Hadirin ingkang minulya*

Ibadah kurban ugi paring piwucal ing babagan solidaritas sosial. Dhawuh arupi andum daging kurban kagem para sedherek fakir miskin, lan sakedhik ingkang dipun konsumsi piyambak saderma kangge tabarruk ngalap berkah ngemot piwucal kepekaan sosial. Bab punika kaatingal sanget saking dhawuhipun Kanjeng Nabi. :

عَنْ ابْنِ عَبَّاسٍ، فِي صِفَةِ أُضْحِيَّةِ النَّبِيِّ - صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ - قَالَ: يُطْعَمُ أَهْلَ بَيْتِهِ الثَّلَاثُ، وَيُطْعَمُ فُقَرَاءَ جِيرَانِهِ الثَّلَاثُ، وَيَتَصَدَّقُ عَلَى السُّؤَالِ بِالثَّلَاثِ. « رَوَاهُ الْحَافِظُ أَبُو مُوسَى الْأَصْفَهَانِيُّ،

*Artosipun : Ibnu Abbas wis ngriwayatake saka SAW ing dalem masalah nyipati kanjeng Nabi nalika kurban. Nabi jupuk saprotelon kanggo keluargane, saprotelon kanggo fakir miskin kiwa tengene, lan saprotelon sisane kanggo wong kang jaluk.*

Sanadyan daging kurban ingkang dipun aturaken dhateng para mustahik dereng saged ngrampungu dampak non klinis saking wabah punika, ananging sedaya kalawau saged dados pengemut-imut bilih manungsa gegayutan kaliyan bandhanipun gadhah hak ngalap piguna/mumpangat saking barang darbekipun, ananging ugi kedah nggatosaken kepentingan ngasanes, langkung ing salebeting swasana pagebluk covid-19 punika.

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

Hadirin yang berbahagia

Ing pungkasan, sumangga momentum Idul Adha kita kita ginakaken kangge ningkatakan pamawas kita gegayutasn kaliyan kawontenan sakmenika. Lan kita tansah dedunga mugu-mugi kita tansah kaparingan kekiyatan lahir lan batin ing dalem ngabekti dhateng Allah, sinareng ngetingalaken raos empati lan simpati kangge sedherek kita ingkang berjuang bengkas virus corona, ugi tansah ningkatakan kawaspadhan, enthtengen ngedalaken dedana kegem sedherek ingkang mbetahakan, kanthi mekaten mugu covid-19 saged enggal sirna.

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ.

جعلنا الله وإياكم من الحجاج المبرورين ومن المضحجين المخلصين وأدخلنا وإياكم في زمرة عباده الفائزين المتقين المجاهدين. إِنَّا أَعْطَيْنَاكَ الْكَوْثَرَ فَصَلِّ لِرَبِّكَ وَأَنْحِرْ إِنَّ شَاتِئَكَ هُوَ الْأَبْتَرُ وَقُلْ رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ خَيْرُ الرَّاحِمِينَ

**KHUTBAH II**

لِلَّهِ أَكْبَرُ (×3) اللَّهُ أَكْبَرُ (×4) اللَّهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ وَاللَّهُ  
أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

الْحَمْدُ لِلَّهِ عَلَى إِحْسَانِهِ وَالشُّكْرُ لَهُ عَلَى تَوْفِيقِهِ وَامْتِنَانِهِ . وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ  
أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ الدَّاعِيَ إِلَى رِضْوَانِهِ . اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَسَلِّمْ  
تَسْلِيمًا كَثِيرًا

أَمَّا بَعْدُ فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ فِيمَا أَمَرَ وَأَتَّهُوا عَمَّا نَهَى وَعَلِّمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمْرُكُمْ بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيهِ بِنَفْسِهِ وَتَنَى بِمَلَأَ تَكْتَهُ  
بِقُدْسِهِ وَقَالَ تَعَالَى إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا . اللَّهُمَّ صَلِّ  
عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَنْبِيَائِكَ وَرُسُلِكَ وَمَلَائِكَتِكَ الْمُقَرَّبِينَ وَأَرْضِ  
اللَّهِمَّ عَنِ الْخُلَفَاءِ الرَّاشِدِينَ أَبِي بَكْرٍ وَعُمَرُ وَعُثْمَانُ وَعَلِيٌّ وَعَنْ بَقِيَّةِ الصَّحَابَةِ وَالتَّابِعِينَ وَالتَّابِعِينَ لَهُمْ بِإِحْسَانٍ  
الْيَوْمِ الدِّينِ وَأَرْضِ عَنَّا مَعَهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ اللَّهُمَّ اعِزَّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ وَأَذِلَّ  
الشِّرْكَ وَالْمَشْرِكِينَ وَأَنْصُرْ عِبَادَكَ الْمُوَحَّدِيَّةَ وَأَنْصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّينَ وَأَخْذِلْ مَنْ خَذَلَ الْمُسْلِمِينَ وَدَمِّرْ أَعْدَاءَ الدِّينِ وَأَعْلِ  
كَلِمَاتِكَ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ . اللَّهُمَّ اذْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالزَّلَازِلَ وَالْمِحْنَ وَسُوءَ الْفِتْنَةِ وَالْمِحْنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ عَنْ  
بَلَدِنَا أِنْدُونِيَسِيَا خَاصَّةً وَسَائِرِ الْبُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ . رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً  
وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ . رَبَّنَا ظَلَمْنَا أَنْفُسَنَا وَإِنْ لَمْ تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا لَنَكُونَنَّ مِنَ الْخَاسِرِينَ . عِبَادَ اللَّهِ ! إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُنَا بِالْعَدْلِ  
وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ وَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذُكُرْكُمْ  
وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ